

## AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP), yon plan AmeriHealth Caritas Florida, Inc. ofri

# Avi ki pibliye chak ane sou chanjman ki fèt pou 2025

Ou enskri antanke manm AmeriHealth Caritas VIP Care. Lòt ane, pral gen chanjman nan pri ak benefis plan yo. **Tanpri gade paj 5 pou li yon rezime sou pri ki enpòtan yo, san wete prim yo.**

Dokiman sa a esplike ki chanjman ki fèt nan plan w. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pri yo, benefis yo oswa règ yo, tanpri konsilte dokiman ki gen tit *Prèv asirans* lan (Evidence of Coverage). Ou ka jwenn dokiman sa a sou sitwèb nou an nan adrès [www.amerhealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerhealthcaritasvipcare.com/fl). Osinon, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo pou mande nou voye dokiman *Prèv asirans* lan ba w pa lapòs.

---

### Sa pou w fè kounye a

#### 1. MANDE: Ki chanjman ki konsène w

- Gade ki chanjman ki fèt nan benefis ak pri nou yo pou konnen si yo afekte w.
  - Gade ki chanjman ki fèt nan sa swen medikal yo koute (doktè ak lopital).
  - Gade ki chanjman ki fèt nan sèvis medikaman yo, san wete nan restriksyon ak nan depans pataje yo.
  - Mande tèt ou konbyen kòb ou pral depanse pou prim yo, franchiz yo ak depans pataje yo.
  - Gade ki chanjman ki fèt nan “lis medikaman” pou 2025 lan pou verifeye si plan an toujou kouvri medikaman ou konn pran yo.
  - Konpare enfòmasyon sou plan 2024 la ak plan 2025 lan pou konnen si nenpòt nan medikaman sa yo vin transfere nan yon lòt nivo depans pataje oswa si genyen nan yo ki vin anba lòt kalite restriksyon, tankou otorizasyon alavans, terapi pa etap oswa limit sou kantite a pou 2024.
- Verifeye si doktè swen prensipal, espesyalis, lopital ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante w yo, san wete famasi w yo, ap toujou nan rezo nou an pou lòt ane.
- Verifeye si w kalifye pou jwenn yon èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo. Moun ki gen revni ki limite yo gendwa kalifye pou jwenn yon “èd siplemantè” (Extra Help) nan men Medicare.
- Mande tèt ou si w satisfè ak plan nou an.

## 2. KONPARE: Dekouvri lòt plan ki disponib yo

- Gade sa plan yo kouvri ak sa yo koute nan zòn ou an. Itilize zouti Medicare pou jwenn plan an sou sitwèb [www.medicare.gov/plan-compare](http://www.medicare.gov/plan-compare) oswa konsilte lis ki nan do ti liv *Medicare & You 2025* lan. Pou jwenn plis sipò, kontakte pwogram asistans pou asirans sante Eta w la (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) pou pale avèk yon konseye ki fòmè pou sa.
- Lè ou fin chwazi plan ou pi renmen an, verifye sa li pral koute w ak sa li pral kouvri sou sitwèb plan an.

## 3. CHWAZI: Deside kilè ou vle chanje plan.

- Si w pa enskri nan yon lòt plan 7 desanm 2024 pou pi ta, w ap rete nan AmeriHealth Caritas VIP Care.
- Si w pito **enskri nan yon lòt plan**, ou ka chanje plan ant 15 oktòb ak 7 desanm. Nouvo asirans ou an pral kòmanse **1<sup>ye</sup> janvyè 2025**. Sa pral fè w pa enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care ankò.
- Gade seksyon 3.2 nan paj 17 pou jwenn plis enfòmasyon sou chwa ou genyen yo.
- Si w fèk entènè oswa si w rete nan yon etablisman (tankou yon etablisman swen enfimyè espesyalize oswa yon lopital alontèm), ou kapab chanje plan oswa enskri nan Original Medicare (avèk oswa san plan medikaman sou preskripsyon Medicare) nenpòt lè. Si w fèk jwenn egzeyat nan yon etablisman, ou gen posiblite chanje plan oswa enskri nan Original Medicare pandan de mwa apre mwa ou te soti nan etablisman an.

## Lòt resous

- Dokiman sa a disponib gratis nan lang panyòl ak kreyòl ayisyen.
- ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-833-535-3767 (TTY 711), de 8 a.m. a 8 p.m., los siete días de la semana. La llamada es gratuita.
- ATANSYON: Si w pale kreyòl, ou ka resevwa sèvis pou ede w nan lang pa w san w pa peye pou sa. Rele nan 1-833-535-3767 (TTY 711) lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant 1<sup>ye</sup> avril ak 30 septanm, oswa sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant 1<sup>ye</sup> oktòb ak 31 mas. Apèl la gratis.
- Tanpri kontakte ekip sèvis pou manm nou an nan 1-833-535-3767 pou jwenn plis enfòmasyon. (Moun ki itilize sèvis TTY yo ta dwe rele 711.) Orè a ant dat 1<sup>ye</sup> oktòb ak 31 mas: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt; ant dat 1<sup>ye</sup> avril ak 30 septanm: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi. Apèl sa a gratis.
- **Tanpri rele ekip sèvis pou manm yo si w bezwen dokiman sa a nan yon lòt fòm, tankou gwo karaktè, ekriti bray oswa fòm aodyo.**
- **Plan asirans sa a kalifye antanke plan asirans ki fè moun kalifye (Qualifying Health Coverage, QHC)** epi li ranpli egzijans ki gen rapò ak responsablite pataje pou moun anba Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab la (Patient Protection and Affordable Care Act, ACA). Tanpri ale sou sitwèb administrasyon fiskal la (Internal Revenue Service, IRS) nan [www.irs.gov/Affordable-Care-Act/Individuals-and-Families](http://www.irs.gov/Affordable-Care-Act/Individuals-and-Families) pou jwenn plis enfòmasyon..

### **Kèk enfòmasyon sou AmeriHealth Caritas VIP Care**

- AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se si kontra sa yo renouvle sèlman moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care. Epitou, plan an gen yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la pou kowòdone benefis Medicaid ou yo.
- Lè dokiman sa a mansyone “nou,” sa vle di AmeriHealth Caritas Florida, Inc. Lè li mansyone “plan” oswa “plan nou an,” sa vle di AmeriHealth Caritas VIP Care.

---

Y0093\_007\_243730100\_M\_Accepted\_09042024

Replaced 12052024

## Avi ki pibliye chak ane sou chanjman ki fèt pou 2025 Lis sijè yo

<b>Rezime sou pri ki enpòtan yo pou 2025 .....</b>	<b>5</b>
<b>SEKSYON 1 Chanjman nan benefis ak nan pri yo pou lòt ane .....</b>	<b>7</b>
Seksyon 1.1 – Chanjman nan prim ou peye chak mwa a.....	7
Seksyon 1.2 – Chanjman nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou.....	7
Seksyon 1.3 – Chanjman nan rezo pwofesyonèl ak etablisman sante a ak nan rezo famasi a .....	8
Seksyon 1.4 – Chanjman nan benefis ak nan pri pou sèvis medikal yo .....	9
Seksyon 1.5 – Chanjman nan asirans pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo.....	14
<b>SEKSYON 2 Chanjman administratif.....</b>	<b>17</b>
<b>SEKSYON 3 Fason pou w chwazi yon plan .....</b>	<b>18</b>
Seksyon 3.1 – Si w vle rete nan AmeriHealth Caritas VIP Care .....	18
Seksyon 3.2 – Si w vle chanje plan.....	18
<b>SEKSYON 4 Dat limit pou chanje plan .....</b>	<b>19</b>
<b>SEKSYON 5 Pwogram ki ofri konsèy gratis sou Medicare ak Medicaid .....</b>	<b>19</b>
<b>SEKSYON 6 Pwogram ki ede w peye pou medikaman sou preskripsyon w yo .....</b>	<b>20</b>
<b>SEKSYON 7 Kesyon? .....</b>	<b>21</b>
Seksyon 7.1 – Fason pou jwenn èd nan men AmeriHealth Caritas VIP Care .....	21
Seksyon 7.2 – Fason pou jwenn èd nan men Medicare .....	22
Seksyon 7.3 – Fason pou jwenn èd nan men Medicaid .....	22

## Rezime sou pri ki enpòtan yo pou 2025

Tablo ki anba a konpare pri 2024 yo ak pri 2025 yo pou AmeriHealth Caritas VIP Care nan kèk domèn ki enpòtan. **Tanpri sonje se yon rezime sou pri yo sèlman.** Si w kalifye pou jwenn asistans depans pataje Medicare a anba Medicaid, ou peye \$0 pou franchiz ou, vizit kay doktè w yo ak sejou lopital ou yo.

Sa li koute	2024 (ane sa a)	2025 (lòt ane)
<b>Prim ou peye chak mwa pou plan an*</b> * Prim ou gendwa pi wo pase montan sa a. Gade seksyon 1.1 pou jwenn detay.	\$0	\$0
<b>Vizit kay doktè</b>	Vizit kay pwofesyonèl swen prensipal la: \$0 pou chak vizit  Vizit kay espesyalis yo: \$0 pou chak vizit	Vizit kay pwofesyonèl swen prensipal la: \$0 pou chak vizit  Vizit kay espesyalis yo: \$0 pou chak vizit
<b>Sejou lopital</b>	Ko-peman \$0	Ko-peman \$0
<b>Plan medikaman sou preskripsyon Pati D</b> (Gade seksyon 1.5 pou jwenn detay.)	Franchiz: \$0  Ko-peman pandan etap kote plan an kòmanse kouvri: <ul style="list-style-type: none"> <li>Ou peye \$0 pou chak medikaman sou preskripsyon.</li> </ul> Asirans pou katastwòf: <ul style="list-style-type: none"> <li>Pandan etap peman sa a, plan an peye tout sa medikaman Pati D ki kouvri w yo koute. Ou pa peye anyen.</li> </ul>	Franchiz: \$0  Ko-peman pandan etap kote plan an kòmanse kouvri: <ul style="list-style-type: none"> <li>Ou peye \$0 pou chak medikaman sou preskripsyon.</li> </ul> Asirans pou katastwòf: <ul style="list-style-type: none"> <li>Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri w yo.</li> </ul>

Sa li koute	2024 (ane sa a)	2025 (lòt ane)
<p><b>Montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou</b></p> <p>Se <u>maksimòm</u> w ap peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri w yo. (Gade seksyon 1.2 pou jwenn detay.)</p>	<p>\$8,850</p> <p>Ou pa gen pou fè okenn depans ak lajan ki soti nan pòch ou pou rive nan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.</p>	<p>\$9,350</p> <p>Ou pa gen pou fè okenn depans ak lajan ki soti nan pòch ou pou rive nan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.</p>

## SEKSYON 1 Chanjman nan benefis ak nan pri yo pou lòt ane

### Seksyon 1.1 – Chanjman nan prim ou peye chak mwa a

Sa li koute	2024 (ane sa a)	2025 (lòt ane)
<b>Prim ou peye chak mwa a</b>	\$0	\$0
<p>Pa gen chanjman pou pwochen ane benefis la.</p> <p>(Se pou w kontinye peye prim Medicare Pati B w yo, sof si Medicaid ki peye yo pou ou.)</p>		

### Seksyon 1.2 – Chanjman nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou

Medicare egzije pou tout plan sante yo limite kantite kòb ou peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou ane a. Limit sa a rele maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou. An jeneral, kou ou rive nan montan sa a, ou pa peye anyen pou sèvis ki kouvri yo pou rès ane a.

Sa li koute	2024 (ane sa a)	2025 (lòt ane)
<b>Montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou</b>	\$8 850	\$9 350
<p><b>Etandone manm nou yo jwenn èd nan men Medicaid tou, prèske pa gen manm ki janm rive peye montan maksimòm ki ka soti nan pòch yo.</b></p> <p>Ou pa gen pou fè okenn depans ak lajan ki soti nan pòch ou pou rive nan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.</p> <p>Sa ou peye pou sèvis medikal ki kouvri yo (tankou ko-peman yo) konte pou rive nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou.</p>		
		<p>Kou ou peye \$9,350 ak lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis ki kouvri, ou pa p peye anyen pou sèvis ki kouvri yo pou rès ane sivil la.</p>

---

## Seksyon 1.3 – Chanjman nan rezo pwofesyonèl ak etablisman sante a ak nan rezo famasi a

---

Sa ou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo ka depann de famasi ou itilize a. Plan medikaman Medicare yo gen rezo famasi. Nan pifò ka yo, plan an kouvri medikaman sou preskripsyon w yo *sèlman* si w al chèche yo nan youn nan famasi ki fè pati rezo nou an.

W ap jwenn lis ki ajou sou sitwèb nou an nan [www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl). Epitou, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou pwofesyonèl ak etablisman sante yo ak/oswa sou famasi yo, oubyen ou ka mande nou voye lis la ba w pa lapòs. Nan ka sa a, n ap voye l ba w nan lespas twa jou biznis.

Genyen chanjman ki fèt nan rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an pou lòt ane. **Tanpri egzamine *lis pwofesyonèl ak etablisman sante pou 2025 lan* sou [www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl) pou konnen si pwofesyonèl ak etablisman sante w yo (pwofesyonèl sante prensipal, espesyalis, lopital, elatriye) fè pati rezo nou an.**

Genyen chanjman ki fèt nan rezo famasi nou an pou lòt ane. **Tanpri egzamine *lis famasi pou 2025 lan* sou [www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl) pou konnen ki famasi ki fè pati rezo nou an.**

Li enpòtan pou w konnen nou gendwa pote chanjman nan pwofesyonèl ak etablisman sante (lopital, doktè, espesyalis) ak famasi ki fè pati plan w pandan ane a. Si gen yon chanjman ki fèt nan yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki afekte w nan mitan ane a, tanpri kontakte ekip sèvis pou manm yo pou nou ede w.



## Seksyon 1.4 – Chanjman nan benefis ak nan pri pou sèvis medikal yo

Se pou w konnen *Avi ki pibliye chak ane sou chanjman ki fèt yo* esplike w ki sa ki chanje nan benefis ak pri Medicare w yo.

N ap pote chanjman nan pri ak benefis yo pou kèk sèvis medikal pou lòt ane. W ap jwenn espplikasyon sou chanjman sa yo anba a.

Sa li koute	2024 (ane sa a)	2025 (lòt ane)
<b>Odisyon</b>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0 pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon egzamen odisyon woutin chak ane.</li> <li>• 80 batri pou chak aparèy pou tande pou modèl ki pa ka rechaje yo chak twazan.</li> </ul> <p>Jiska \$1,500 pou peye pou yon aparèy pou tande ki pa enplantab nan katalòg TruHearing Choice ki aplikab la chak ane (limit la se 1 aparèy pou tande pou chak zòrèy).</p> <p>Ou sipoze resevwa swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a. N ap peye pou sèvis odisyon ki kouvri yo sèlman si w jwenn yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki espesyalize nan sèvis odisyon ki fè pati rezo a. Nan pifò ka yo, si w jwenn swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a, w ap gen pou peye pou sa.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0 pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon egzamen odisyon woutin chak ane.</li> <li>• 80 batri pou chak aparèy pou tande pou modèl ki pa ka rechaje yo chak twazan.</li> </ul> <p>Jiska \$2,000 pou peye pou yon aparèy pou tande ki pa enplantab nan katalòg TruHearing Choice ki aplikab la chak ane (limit la se 1 aparèy pou tande pou chak zòrèy).</p> <p>Ou sipoze resevwa swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a. N ap peye pou sèvis odisyon ki kouvri yo sèlman si w jwenn yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki espesyalize nan sèvis odisyon ki fè pati rezo a. Nan pifò ka yo, si w jwenn swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a, w ap gen pou peye pou sa.</p>

Sa li koute	2024 (ane sa a)	2025 (lòt ane)
<b>Benefis repa apre yon egzeyat</b>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Benefis repa apre egzeyat la kouvri 14 repa pa semèn pandan kat semèn pou yon manm ki oblije ret lakay li e ki kalifye apre li egzeyate nan yon etablisman kote li te entène oswa nan yon etablisman swen enfimye espesyalize.</p> <p>Li nesesè pou doktè a refere manm nan.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Benefis repa apre egzeyat la peye pou 14 repa pou yon semèn pou yon manm ki oblije ret lakay li e ki kalifye apre chak lè li egzeyate nan yon etablisman kote li te entène oswa nan yon etablisman swen enfimye espesyalize, jiska kat fwa chak ane.</p> <p>Li nesesè pou doktè a refere manm nan.</p>

Sa li koute	2024 (ane sa a)	2025 (lòt ane)
<b>Pwodui yo vann san preksipsyon</b>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Benefis la gen ladan l \$180 chak mwa pou achte pwodui yo vann san preksipsyon ki nan katalòg pwodui san preskripsyon an, pou achte pwodui ki nan pòtay pou pase kòmman sou Entènèt lan oswa pou achte pwodui ki kalifye nan etablisman ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo pa mwayen yon kat debi ki gen limit sou li. Pa gen limit sou kantite pwodui manm nan ka achte ni sou kantite kòmman manm nan ka pase. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire otomatikman nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.</p> <p>Manm ki kalifye akòz sitiyasyon sosyo-ekonomik yo (LIS) kapab itilize \$180 sou kòb yo jwenn chak mwa pou achte pwodui alimantè ki kalifye nan etablisman ki vann pwodui bay konsomatè yo ki patisipe ak/oswa pou kòmande pwodui FarmBox pa korespondans (gen limit ki ka aplike sou pwodui yo), epi pou peye pou lwaye kay ak sèvis kouran, gaz ak dlo, depi depans sa yo kalifye. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire otomatikman nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Benefis la gen ladan l \$225 chak mwa pou achte pwodui yo vann san preksipsyon ki nan katalòg pwodui san preskripsyon an, pou achte pwodui ki nan pòtay pou pase kòmman sou Entènèt lan oswa pou achte pwodui ki kalifye nan etablisman ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo pa mwayen yon kat debi ki gen limit sou li. Pa gen limit sou kantite pwodui manm nan ka achte ni sou kantite kòmman manm nan ka pase. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire otomatikman nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.</p> <p>Plan an kouvri Naloxone tou.</p> <p>Manm ki kalifye akòz sitiyasyon sosyo-ekonomik yo (LIS) kapab itilize \$225 sou kòb yo jwenn chak mwa a pou achte pwodui alimantè ki kalifye nan etablisman ki vann pwodui bay konsomatè yo ki patisipe ak/oswa pou kòmande pwodui pa korespondans (gen limit ki ka aplike sou pwodui yo), pou peye pou lwaye kay, pou sèvis kouran, gaz ak dlo, pou peye pou sèvis Entènèt, pou peye pou sèvis pou elimine bèt nuizib yo e pou achte pwodui yo bezwen pou ti bèt ki nan kay la, depi depans sa yo kalifye. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire otomatikman nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.</p>

Sa li koute	2024 (ane sa a)	2025 (lòt ane)
<p><b>Sistèm repons ijans pèsònèl (PERS)</b></p>	<p>Sa pa kouvri.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Yon sistèm repons ijans pèsònèl (PERS) se yon sistèm siveyans ak alèt medikal ki pèmèt pasyan an peze yon bouton pou jwenn èd 24 sou 24, 7 jou sou 7. Nou pwopoze plizyè modèl, san wete yon modèl mobil moun nan ka mete sou li.</p> <p>Plan an kouvri yon aparèy chak ane ki soti nan Medical Guardian. Benefis la gen ladan l ni aparèy la ni siveyans ki fèt chak mwa a (san wete sèvis ki detekte sityasyon kote moun tonbe ak GPS la).</p>
<p><b>Akiponkti woutin</b></p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0 pou chak vizit.</p> <p>12 vizit akiponkti woutin chak ane.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0 pou chak vizit.</p> <p>Yon maksimòm 20 vizit pou swen akiponkti woutin ak swen chiwo pratik woutin chak ane.</p>
<p><b>Swen chiwo pratik woutin</b></p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0 pou chak vizit.</p> <p>12 vizit chiwo pratik woutin chak ane.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0 pou chak vizit.</p> <p>Yon maksimòm 20 vizit pou swen akiponkti woutin ak swen chiwo pratik woutin chak ane.</p>

Sa li koute	2024 (ane sa a)	2025 (lòt ane)
<p><b>Benefis nan modèl asirans selon valè a (Value-Based Insurance Design, VBID)</b></p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0 pou benefis VBID yo.</p> <p>Manm ki kalifye akòz sitiyasyon sosyo-ekonomik yo (LIS) kapab itilize \$180 sou kòb yo jwenn chak mwa a pou achte pwodui alimantè ki kalifye nan etablisman ki vann pwodui bay konsomatè yo ki patisipe, pou kòmande pwodui FarmBox pa korespondans (gen limit ki ka aplike sou pwodui yo), epi pou peye pou lwaye kay ak sèvis kouran, gaz ak dlo, depi depans sa yo kalifye. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire otomatikman nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0 pou benefis VBID yo.</p> <p>Manm ki kalifye akòz sitiyasyon sosyo-ekonomik yo (LIS) kapab itilize \$225 sou kòb yo jwenn chak mwa a pou achte pwodui alimantè ki kalifye nan etablisman ki vann pwodui bay konsomatè yo ki patisipe ak/oswa pou kòmande pwodui pa korespondans (gen limit ki ka aplike sou pwodui yo), pou peye pou lwaye kay, pou sèvis kouran, dlo ak gaz, pou peye pou sèvis Entènèt, pou peye pou sèvis pou elimine bèt nuizib yo e pou achte pwodui yo bezwen pou ti bèt ki nan kay la, depi depans sa yo kalifye. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire otomatikman nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.</p>
<p><b>Sèvis vizyon</b></p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon egzamen vizyon woutin chak ane.</li> </ul> <p>Plan an kouvri yon maksimòm \$350 chak ane pou linèt oswa pou lantiy kontak.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon egzamen vizyon woutin chak ane.</li> </ul> <p>Plan an kouvri yon maksimòm \$400 chak ane pou linèt oswa pou lantiy kontak.</p>

---

## Seksyon 1.5 – Chanjman nan asirans pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

---

### Chanjman nan lis medikaman nou an

Lis medikaman nou kouvri yo se fòmilè a oswa lis medikaman an. Ou ka jwenn yon kopi lis medikaman nou an sou fòma elektwonik.

Nou te pote kèk chanjman nan lis medikaman nou an kote nou te retire oswa ajoute medikaman, nou te chanje restriksyon ki aplike pou kèk medikaman oswa nou te deplase medikaman nan lòt nivo depans pataje. **Egzamine lis medikaman an pou verifye si medikaman ou konn pran yo ap kouvri lòt ane e pou gade si y ap anba restriksyon, oubyen pou konnen si nou deplase medikaman ou konn pran yo nan yon lòt nivo depans pataje.**

Pifò nan chanjman ki fèt nan lis medikaman an se nouvo chanjman ki antre anvigè nan kòmansman chak ane. Sepandan, nou gendwa pote lòt chanjman règ Medicare yo pèmèt nou pote k ap afekte w pandan ane plan an. N ap mete lis medikaman ki sou Entènèt nou an ajou omwen yon fwa chak mwa pou w ka jwenn enfòmasyon ki ajou nan lis medikaman sa a. Si nou fè yon chanjman ki afekte posiblite ou genyen pou jwenn yon medikaman ou konn pran, n ap voye yon avi ba w pou esplike w chanjman an.

Si yo chanjman nan medikaman yo afekte w nan kòmansman ane a oswa pandan ane a, tanpri konsilte chapit 6 nan dokiman Prèy asirans ou an epi pale mande doktè w si gen lòt opsyon, pa egzanp si w ka mande yon kantite medikaman k ap dire yon ti tan, si w ka mande yon eksepsyon ak/oswa si w ka jwenn yon lòt medikaman. Epitou, ou ka kontakte ekip sèvis pou manm yo pou jwenn plis enfòmasyon.

Kounye a, nou gendwa retire yon medikaman mak ki sou lis medikaman nou an bridsoukou si nou ranplase l avèk yon nouvo medikaman jenerik ki gen menm restriksyon oswa ki gen mwens restriksyon pase medikaman mak li ranplase a. Epitou, lè nou ajoute yon noubo medikaman jenerik, nou ka deside kenbe medikaman mak la sou lis medikaman an, men nou ka ajoute kèk nouvo restriksyon menm kote a.

Apati 2025, nou kapab ranplase pwodui byolojik orijinal yo ak sèten pwodui byosimilè bridsoukou. Sa vle di, pa egzanp, si w te konn pran yon pwodio byolojik orijinal nou vin ranplase ak yon pwodui byosimilè, ou gendwa pa jwenn yon avi sou chanjman an 30 jou anvan nou pote chanjman sa a oswa ou ka pa gen posiblite jwenn yon kantite pwodui byolojik orijinal la k ap dire yon mwa nan yon famasi ki nan rezo a. Si w te konn pran pwodui byolojik orijinal la lè nou fè chanjman an, w ap toujou jwenn enfòmasyon sou chanjman sa a, men w ap jwenn enfòmasyon sa a apre nou fè chanjman an.

Ka gen kèk nan kalite medikaman sa yo ou poko konnen. Pou jwenn yon definisyon pou diferan kalite medikaman yo, tanpri konsilte chapit 12 nan dokiman *Prèy asirans* ou an. Epitou, Administrasyon Pwodui Alimantè ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA) gen enfòmasyon pou konsomatè yo sou medikaman yo. Ale sou sitwèb FDA a:

<https://www.fda.gov/drugs/biosimilars/multimedia-education-materials-biosimilars#For%20Patients>.

Epitou, ou ka kontakte ekip sèvis pou manm yo oswa mande pwofesyonèl sante w, moun ki konn preskri w medikaman oswa famasyon w plis enfòmasyon.

**Chanjman nan benefis pou medikaman sou preskripsyon yo ak pri medikaman yo**

Apati 2025, genyen twa **etap peman pou medikaman yo**: franchiz pou ane a, etap kote plan an kòmanse kouvri a ak etap kote plan an kouvri nan sitiyasyon katastwòf la. Etap kote plan an sispann peye a ak pwogram rabè pou etap kote plan an sispann peye a pa egziste ankò nan benefis Pati D a.

Pwogram rabè fabrikan an ap ranplase pwogram rabè pou etap kote plan an sispann peye a. Anba pwogram rabè fabrikan an, fabrikan medikaman yo peye yon pati nan sa plan an peye pou medikaman mak ak pwodui byolojik Pati D ki kouvri yo pandan etap kote plan an kòmanse kouvri a ak etap kote plan an kouvri nan sitiyasyon katastwòf la. Rabè fabrikan yo peye anba pwogram rabè fabrikan an pa konte pou kalkile depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a.

**Chanjman nan etap franchiz la**

Etap	2024 (ane sa a)	2025 (lèt ane)
<b>Etap 1: Etap franchiz pou ane a</b>	Etandone nou pa gen franchiz, etap peman sa a pa aplike pou ou.	Etandone nou pa gen franchiz, etap peman sa a pa aplike pou ou.

**Chanjman nan depans pataje w yo pandan etap kote plan an kòmanse kouvri a**

Etap	2024 (ane sa a)	2025 (lèt ane)
<p><b>Etap 2: Etap kote plan an kòmanse peye</b></p> <p>Pandan etap sa a, plan an peye pati pa l la sou sa medikaman w yo koute epi <b>ou peye pati pa w la sou sa yo koute.</b></p> <p>Nan liy sa a, pri yo aplike pou yon kantite ki dire yon mwa (30 jou) lè ou al chèche medikaman sou preskripsyon w yo nan famasi ki nan rezo a.</p> <p>Pou jwenn enfòmasyon sou pri yo pou yon kantite medikaman ki dire plis tan, konsilte chapit 6 nan dokiman <i>Prè vaksen</i> ou an.</p> <p>Pifò vaksen Pati D pou adilt yo kouvri san sa pa koute w anyen.</p>	<p>Men sa w ap peye pou yon kantite medikaman ki dire yon mwa w ap chèche nan yon famasi ki nan rezo a:</p> <p>Ou peye \$0 pou chak medikaman sou preskripsyon.</p> <hr/> <p>Lè ou rive peye \$8,000 ak lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman Pati D w yo, w ap pase nan pwochen etap la (etap kote plan an kouvri nan sitiyasyon katastwòf).</p>	<p>Men sa w ap peye pou yon kantite medikaman ki dire yon mwa w ap chèche nan yon famasi ki nan rezo a:</p> <p>Ou peye \$0 pou chak medikaman sou preskripsyon.</p> <hr/> <p>Lè ou rive peye \$2,000 ak lajan ki soti nan pòch ou pou medikaman Pati D w yo, w ap pase nan pwochen etap la (etap kote plan an kouvri nan sitiyasyon katastwòf).</p>

## **Chanjman nan etap kote plan an kouvri nan sitiyasyon katastwòf la**

Etap kote plan an kouvri nan sitiyasyon katastwòf la se twazyèm ak dènye etap la. Apati 2025, fabrikan medikaman yo peye yon pati nan sa plan an peye pou medikaman mak ak pwodui byolojik Pati D ki kouvri yo pandan etap kote plan an kouvri nan sitiyasyon katastwòf la. Rabè fabrikan yo peye anba pwogram rabè fabrikan an pa konte pou kalkile depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ou gen pou peye pandan etap kote plan an kouvri nan sitiyasyon katastwòf la, konsilte chapit 6 nan dokiman *Prèv asirans* ou an.



## SEKSYON 2 Chanjman administratif

Li enfòmasyon ki anba yo pou konnen ki lòt chanjman enpòtan ki fèt nan plan w.

Deskripsyon	2024 (ane sa a)	2025 (lòt ane)
<p><b>Chanjman nan kat Flex pou medikaman yo vann san preskripsyon yo</b></p>	<p>Pa aplikab</p>	<p>Konpayi ki jere kat Flex pou medikaman san preskripsyon nou an genyen yon nouvo non. Li rele Medline (li te konn rele United Medco anvan sa). Se pou rezon sa a ou pral resevwa yon nouvo kat pa lapòs nan fen ane sivil 2024 la. Lè ou resevwa nouvo kat ou a, tanpri suiv enstriksyon yo pou aktive l pou w ka kontinye itilize benefis pou medikaman san prekrispyon w yo san pwoblèm.</p>
<p><b>Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare yo</b></p>	<p>Pa aplikab</p>	<p>Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare yo se yon nouvo opsyon peman ki travay avèk plan asirans pou medikaman ou genyen an. Li distribye peman ou fè pou medikaman w yo yon fason pou <b>ou peye yon montan ki ka diferan chak mwa pandan tout ane sivil la</b> (janvye rive desanm) pou ede w jere depans ou fè pou medikaman sa yo.</p> <p>Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon peman sa a, tanpri kontakte nou nan 1-833-433-3767 (pou sèvis TTY la sèlman, rele 711) oswa ale sou Medicare.gov.</p>

## SEKSYON 3 Fason pou w chwazi yon plan

### Seksyon 3.1 – Si w vle rete nan AmeriHealth Caritas VIP Care

Si w vle rete nan plan nou an, ou pa bezwen fè anyen. Si w pa enskri nan yon lòt plan oswa nan Original Medicare nan dat 7 desanm pou pi ta, w ap enskri otomatikman nan plan AmeriHealth Caritas VIP Care nou an.

### Seksyon 3.2 – Si w vle chanje plan

Nou espere w ap rete avèk nou lòt ane, men si w vle chanje plan pou 2025, suiv etap sa yo:

#### Etap 1: Dekouvri diferan chwa ou genyen yo epi konpare yo

- Ou ka enskri nan yon lòt plan sante Medicare,
- *OSWA* – Ou ka enskri nan Original Medicare. Si w chwazi enskri nan Original Medicare, w ap gen pou decide si w vle enskri nan yon plan medikaman Medicare.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Original Medicare ak diferan kalite plan Medicare ki disponib yo, itilize zouti pou jwenn yon plan Medicare a ([www.medicare.gov/plan-compare](http://www.medicare.gov/plan-compare)), li ti liv *Medicare & You 2025* lan, rele pwogram asistans pou asirans sante Eta w la (gade seksyon 5) oswa rele Medicare (gade seksyon 7.2).

#### Etap 2: Chanje plan w

- Pou **chwazi yon lòt plan sante Medicare**, enskri nan nouvo plan an. W ap dezenskri otomatikman nan AmeriHealth Caritas VIP Care.
- Pou **chwazi Original Medicare avèk yon plan medikaman sou preskripsyon**, enskri nan nouvo plan medikaman an. W ap dezenskri otomatikman nan AmeriHealth Caritas VIP Care.
- Pou **chwazi Original Medicare san plan medikaman sou preskripsyon**, se pou w:
  - Voyer yon demann pou dezenskri ban nou alekri. Kontakte ekip sèvis pou manm yo si w bezwen plis enfòmasyon sou fason ou ka fè sa.
  - – *OSWA* – Kontakte **Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou sou 7, epi mande pou yo dezenskri w. Moun ki itilize sèvis TTY yo ta dwe rele nan 1-877-486-2048.

Si w enskri nan Original Medicare epi ou **pa** enskri nan yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare ki separe, Medicare gendwa enskri w nan yon plan medikaman, sof si w fè yo konnen ou pa vle enskri otomatikman.

## SEKSYON 4 Dat limit pou chanje plan

Si w vle chanje plan oswa si w vle enskri n an Original Medicare pou lòt ane, ou ka fè sa **soti 15 oktòb rive 7 desanm**. Chanjman an ap antre anvigè nan dat 1<sup>ye</sup> janvyè 2025.

### Èske gen lòt lè mwen ka fè chanjman pandan ane a?

Nan kèk sitiyasyon, yo pèmèt ou fè chanjman nan lòt moman pandan ane a. Kèk nan sitiyasyon sa lè yon moun gen Medicaid, lè yon moun jwenn yon “èd siplemantè” (Extra Help) pou peye pou medikaman yo, lè yon moun pèdi asirans li te genyen atravè anplwayè l la, ak lè yon moun demenaje deyò zòn sèvis la.

Etandone ou itilize Ajans pou Administrasyon Swen Sante a, ou kapab soti nan plan nou an pandan nenpòt mwa nan ane a. Epitou, ou gen posiblite enskri nan yon lòt plan Medicare pandan nenpòt mwa, tankou:

- Original Medicare *avèk* yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare ki separe,
- Original Medicare san plan medikaman sou preskripsyon Medicare ki separe (si w chwazi opsyon sa a, Medicare gendwa enskri w nan yon plan medikaman, sof si w fè yo konnen ou pa vle enskri otomatikman), oswa
- Si w kalifye, yon plan D-SNP entegre ki ba w benefis ak sèvis Medicare w yo ak pifò oswa tout benefis ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Si w enskri nan yon plan Medicare Advantage plan pou 1<sup>ye</sup> janvyè 2025, lèfini ou pa satisfè ak plan ou te chwaz a, ou ka enskri nan yon lòt plan sante Medicare (avèk oswa san plan medikaman sou preskripsyon Medicare) oswa ou ka enskri nan Original Medicare (avèk oswa san plan medikaman sou preskripsyon Medicare) ant dat 1<sup>ye</sup> janvyè ak 31 mas 2025.

Si w fèk entènè oswa si w rete nan yon etablisman (tankou yon etablisman swen enfimye espesyalize oswa yon lopital alontèm), ou kapab chanje plan Medicare w **nenpòt lè**. Ou ka enskri nan yon lòt plan sante Medicare (avèk oswa san plan medikaman sou preskripsyon Medicare) oswa ou ka enskri nan Original Medicare (avèk oswa san plan medikaman sou preskripsyon Medicare) nenpòt lè. Si w fèk jwenn egzeyat nan yon etablisman, ou gen posiblite chanje plan oswa enskri nan Original Medicare pandan de mwa apre mwa ou te soti nan etablisman an.

## SEKSYON 5 Pwogram ki ofri konsèy gratis sou Medicare ak Medicaid

Pwogram asistans pou asirans sante Eta a (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) se yon pwogram gouvènmantral ki endepandan ki gen konseye ki fòme nan chak Eta. Nan Florid, non yo bay SHIP la se Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE).

Se yon pwogram Eta a ki jwenn lajan nan men gouvènman federal la pou bay moun ki gen Medicare konsèy ki **gratis** sou asirans sante ki disponib nan zòn yo. Nan pwogram Serving Health

Insurance Needs of Elders (SHINE), konseye yo ka ede w si w gen kesyon oswa pwoblèm ki gen rapò ak Medicare w. Yo ka ede w konprann diferan plan Medicare ou ka chwazi yo epi yo ka reponn kesyon ou genyen sou posiblite pou w chanje plan. Ou ka rele Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) nan 1-800-96-ELDER. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) sou sitwèb pwogram sa a (<http://www.floridashine.org/>).

Si w gen kesyon sou benefis ou jwenn nan men Ajans pou Administrasyon Swen Sante a, kontakte Ajans pou Administrasyon Swen Sante a nan 1-877-254-1055 (TTY 1-866-467-4970) lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 5 è nan aprèmidi. Mande ki jan enskri nan yon lòt plan oswa retounen nan Original Medicare ka afekte fason ou jwenn benefis nan men Ajans pou Administrasyon Swen Sante a.

## SEKSYON 6 Pwogram ki ede w peye pou medikaman sou preskripsyon w yo

Ou gendwa kalifye pou jwenn yon èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo.

- **“Èd siplemantè” nan men Medicare.** Etandone ou gen Medicaid, ou deja enskri nan pwogram “Èd siplemantè” a (Extra Help) oswa nan pwogram sibvansyon pou moun ki gen revni ki ba a. “Èd siplemantè a” peye yon pati nan prim pou medikaman sou preskripsyon w yo, nan franchiz ou genyen pou peye pou ane a ak nan ko-asirans ou. Etandone ou kalifye, ou pa gen okenn penalite pou peye lè ou enskri anreta. Si w gen kesyon sou “Èd siplemantè” a, rele nan:
  - 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sèvis TTY yo ta dwe rele nan 1-877-486-2048, 24 sou 24, 7 jou sou 7;
  - Biwo Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213 soti 8 è nan maten rive 7 è diswa, lendu pou vandredi, pou pale ak yon reprezantan Mesaj otomatik yo disponib 24 sou 24. Moun ki itilize sèvis TTY yo ta dwe rele nan 1-800-325-0778; oswa
  - Biwo Medicaid Eta w la.
- **Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a.** Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a se yon nouvo opsyon peman pou ede w jere sa ou depanse pou medikaman w yo ak lajan ki soti nan pòch ou. Li antre anvigè an 2025. Nouvo opsyon peman sa a travay avèk plan asirans pou medikaman ou genyen an. Li distribye peman ou fè pou medikaman w yo yon fason pou **ou peye yon montan ki ka diferan chak mwa pandan tout ane sivil la** (janvyè rive desanm) pou ede w jere depans ou fè pou medikaman sa yo. **Opsyon peman sa a ka ede w jere depans ou fè yo, men li pa p fè w depanse mwens ni li pa p bese pri medikaman w yo.**

Si w jwenn yon “Èd siplemantè” nan men Medicare e si w jwenn èd nan men SPAP ou ak ADAP ou, depi ou kalifye pou sa, sa pi itil pase patisipe nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a. Tout manm yo kalifye pou yo itilize opsyon peman sa a, kèlkeswa revni yo, epi tout plan medikaman Medicare yo ak tout plan sante Medicare yo ki bay yon asirans pou medikaman sipoze pwopoze opsyon peman sa a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon peman sa a, tanpri kontakte nou nan 1-833-535-3767 (TTY 711) oswa ale sou Medicare.gov.

## SEKSYON 7 Kesyon?

### Seksyon 7.1 – Fason pou jwenn èd nan men AmeriHealth Caritas VIP Care

Ou gen kesyon? Nou la pou ede w. Tanpri rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767. (Moun ki itilize sèvis TTY yo sèlman ka rele nan 711.) Si w vle ban nou yon koutfil, nou disponib lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant dat 1<sup>ye</sup> avril ak 30 septanm, oswa sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant dat 1<sup>ye</sup> oktòb ak 31 mas. Si w rele nan nimewo sa yo, apèl la gratis.

#### **Li dokiman ki gen tit *Prèv asirans pou 2025* lan (li gen detay sou benefis ak pri yo pou lòt ane)**

*Avi ki pibliye chak ane sou chanjman ki fèt yo* ba w yon rezime sou chanjman ki fèt nan benefis ak pri yo pou 2025. Si w vle jwenn plis detay, konsilte dokiman ki gen tit *Prèv asirans pou 2025* lan pou AmeriHealth Caritas VIP Care. Dokiman *Prèv asirans* lan se yon deskripsyon legal ki gen tout detay sou benefis ou yo nan plan an. Li esplike dwa ou genyen yo ak règ ou sipoze suiv yo pou jwenn sèvis ak medikaman sou preskripsyon ki kouvri yo. W ap jwenn yon kopi dokiman *Prèv asirans* lan sou sitwèb nou an nan [www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl). Epitou, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo pou mande nou voye dokiman *Prèv asirans* lan ba w pa lapòs.

#### **Ale sou sitwèb nou an**

Epitou, ou ka ale sou sitwèb nou an nan adrès [www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl). Pa bliye, sitwèb nou an gen enfòmasyon ki ajou sou rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an (*lis pwofesyonèl ak etablisman sante a*) ak *lis medikaman plan an kouvri yo (fòmilè/lis medikaman)*.

---

## Seksyon 7.2 – Fason pou jwenn èd nan men Medicare

---

Pou jwenn enfòmasyon dirèkteman nan men Medicare:

### Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)

Ou ka rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) 24 sou 24, 7 sou 7. Moun ki itilize sèvis TTY yo ta dwe rele nan 1-877-486-2048.

### Ale sou sitwèb Medicare a

Ale sou sitwèb Medicare a ([www.medicare.gov](http://www.medicare.gov)). Li gen enfòmasyon sou pri yo, sa ki kouvri ak klasman zetwal sou kalite a pou ede w konpare plan sante Medicare ki disponib yo nan zòn ou an. Pou jwenn enfòmasyon sou plan yo, ale sou [www.medicare.gov/plan-compare](http://www.medicare.gov/plan-compare).

### Li dokiman ki gen tit *Medicare & You 2025*

Li ti liv *Medicare & You 2025* lan. Nan chak sezon otòn, yo voye dokiman sa a bay moun ki gen Medicare yo. Li gen yon rezime sou benefis Medicare yo, li esplike dwa ak pwoteksyon ki disponib yo, epi li reponn anpil kesyon moun konn poze souvan sou Medicare. Si w pa gen yon kopi dokiman sa a, ou ka jwenn li sou sitwèb Medicare a (<https://www.medicare.gov/Pubs/pdf/10050-medicare-and-you.pdf>) oswa ou ka rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou sou 7, pou mande yon kopi. Moun ki itilize sèvis TTY yo ta dwe rele nan 1-877-486-2048.

---

## Seksyon 7.3 – Fason pou jwenn èd nan men Medicaid

---

Pou jwenn enfòmasyon nan men Ajans Administrasyon pou Swen Sante a, ou ka rele Ajans pou Administrasyon Swen Sante a nan 1-877-254-1055. Moun ki itilize sèvis TTY yo ta dwe rele nan 1-866-467-4970.